दिन—शुक्रवार दिनांक—06.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ संयुक्त रूप सँ पटना स्थित इंदिरा गांधी आयुर्विज्ञान संस्थान मे क्षेत्रीय चक्षु संस्थान सह चक्षु अस्पतालक उद्घाटन कयलनि। ई पूर्वी भारतक सभ सँ पैघ नेत्र अस्पताल अछि जतऽ ट्रॉमा आ इमरजेंसी नेत्र सेवा सेहो उपलब्ध अछि। एकर निर्माण लगभग एक सय अट्ठासी करोड़ टाकाक लागति सँ कयल गेल अछि। एहि अवसर पर श्री नड्डा कहलनि जे आजीआईएमएस मे दू हजार पांच सँ दू हजार चौबीसक मध्य अभूतपूर्व बदलाव भेल। ओ कहलनि जे पीएमसीएच मे पांच हजार चारि सय बासठि बेडक क्षमताबला विश्वक दोसर सभ सँ पैघ अस्पतालक निर्माण कयल जा रहल अछि। केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जनौलनि जे केन्द्र मे मोदी सरकार के अएबाक बाद सर्वागीण स्वास्थ्य सेवा पर जोर देल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे देश मे विश्वक सभ सँ पैघ यूनिवर्सल हेल्थ सर्विस आयुष्मान भारतक प्रारंभ कयल गेल। एकर लगभग तेरह करोड़ परिवार आ देशक चौवालिस प्रतिशत आबादी के लाभ भेटि रहल अछि।

---

समारोह के संबोधित करैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे सरकार स्वास्थ्य सेवा पर विशेष ध्यान दऽ रहल अछि। हुनक प्रयास अछि जे लोक सभ के पटना मे विश्वस्तरीय स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध भऽ सकय। श्री नड्डा आइ भागलपुर आ गया मे नवनिर्मित सुपर स्पेशियलिटी अस्पतालक सेहो उद्घाटन कयलनि। ओ काल्हि पटनाक पीएमसीएच के निरीक्षण करताह आ दरभंगा आओर मुजफ्फरपुर मे सुपर स्पेशियलिटी अस्पतालक सेहो उद्घाटन करताह। श्री नड्डा दरभंगा मे बनयबला एम्सक स्थल निरीक्षण सेहो करताह।

---

आइ उद्घाटन भेल क्षेत्रीय नेत्र संस्थान मे कतेको अत्याधुनिक सुविधा सभ उपलब्ध अछि। संस्थानक प्रमुख डॉक्टर विभूति प्रसन्न सिन्हा जनौलनि जे नव अस्पताल मे प्रतिवर्ष

तीन सँ पांच लाख लोक सभक इलाज भऽ सकत। ओ जनौलनि जे एहि मे आँखिक जटिल रोगक इलाज एहेन पांच प्रकारक सुपर स्पेशियलिटी सुविधा सभ उपलब्ध होयत।

——————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एक बेर फेर दोहरौलनि जे ओ आब भाजपाक संग बनल रहताह। आइ पटना मे एक कार्यक्रमक दरमियान श्री कुमार कहलनि जे हुनका सँ दू बेर गलती भऽ गेल अछि आ हुनका एहि बातक आभास अछि। श्री कुमार कहलनि जे ओ भाजपाक संग मिलिकऽ बिहारक विकास करैत रहताह।

——————————————————————————————

बिहार मे जातीय गणनाक बाद आरक्षणक बढ़ल दायरा पर रोक लगेबाक पटना हाई कोटक निर्णयक विरूद्ध राजद द्वारा सुप्रीम कोर्ट मे दायर याचिका पर आइ सुनवाई भेल। प्रधान न्यायाधीश डी.वाई. चन्द्रचुड़, न्यायमूर्ति जे.बी. पारदीवाला आओर न्यायमूर्ति मनोज मिश्रक पीठ याचिकाक सुनवाई करैत संबंधित प्रतिवादी सभ के नोटिस जारी कयलक अछि। संगहि पीठ एहि याचिका के आनो–आन समान याचिका सभक संग संलग्न करबाक सेहो आदेश देलक।

——————————————————————————————

राष्ट्रीय जांच एजेंसी एनआईए विदेशी फंडिंग के मामिला मे नालंदा जिलाक इस्लामपुर स्थित एक मदरसा मे छापामारी कयलक। प्राप्त जनतबक अनुसार जांच एजेंसी मदरसा संचालक डॉक्टर मंजर इकबाल सँ लगभग चारि घंटा धरि पूछताछ कयलक। संगहि एनआईएक टीम मदरसाक लेनदेनक सेहो जांच कयलक।

——————————————————————————————

आइ मिथिला मे चौठ चंद्र चौरचन पावनि श्रद्धा आ हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि पावनि मे सांझुक काल महिला लोकनि रोहिणी सहित चंद्रमाक पूजा–अर्चना करैत छथि। विभिन्न प्रकारक पकवान आ फल सभ के उत्सर्ग कऽ चंद्रमा के अर्घ्य समर्पित कयल जाइत अछि। ओतहि, हरतालिका तीजक पावनि–तिहार सेहो आइ पारंपरिक श्रद्धाक संग मनाओल जा रहल अछि। प्रतिवर्ष भादव मासक शुक्लपक्ष तृतीया तिथि कऽ ई पावनि मनाओल जाइत अछि। एहि दरमियान महिला लोकनि अपन पतिक दीर्घ आयु आ सुखी दाम्पत्य जीवनक लेल उपास आ पूजा–अर्चना करैत छथि।

——————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पूर्वी चंपारणक तुरकौलिया मे सभ सँ बेसी एक सय बारह दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा भेल। ओतहि पटनाक फुलवारी शरीफ मे एक सय छओ दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पूर्वी–चंपारण, पश्चिम–चंपारण, रोहतास, कैमूर आ औरंगाबाद जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। ओतहि राज्यक पश्चिम आ दक्षिण मध्य भाग मे किछु स्थान पर मेघ गर्जनक संग वज्रपातक आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त